Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 38 (6924) 14 октябрь 2024 с. Итни РабигIул ахир 1445 с. Багъа - эркенаб

НОМЕРАЛДА РУГО:



Ингишо, ЛъаратIа, Гъадари, Данухъ росабазул жамагIатгун дандчIвана

- 2 гьум.



ЧIиркъатIаса СалихIат Шигьабудинова – РФялъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан

- 2 гьум.



Инус ХIажиевасда юбилей баркана

- 2- гьум.



Самира Юсупова – республикаялъулаб тIадагъаб атлетикаялъул рахьалъ чемпион

- 2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гъалип Гъалипов: «ГIарцудалъун, рагIудалъун гьаб хъала базе кумек гьабураздаса Аллагь разилъаги»

### Бакъул улкаялъул гIаламат рагьиялъул тадбир тIобитIана

**2024-абилеб соналъул 10-абилеб октябралда Бакълъул ва Унсоколо районазул гIорхъода бараб хъала рагьиялъул рохалилаб тадбир тIобитIана. Бакълъул улкаялъул гIаламат рагьиялъулъ гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, Гъизилюрт шагьаралъул депутатазул Собраниялъул депутат, сахаватчи МухIамад Загьидовас, Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас, Гъизилюрт шагьаралъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель Малик ПатахIовас, РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат СултIан ХIамзаевасул кумекчи ГIалибег Сираждиновас, районалъул идарабазул, росабазул вакилзабаз ва цогидаз.**




БагIараб чIоло къотIун хадуб муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас тадбиралде рачIараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна. «Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулал, хириял гьалбал! Гьале рагIалде бахъана бакълъулазул гIаламат бай. Хъала бана «БакIалъулаб байбихьи» программаялда рекъон ва сахаватал бакълъулазул кумекалдалъун.

(Ахир - кIиабилеб гьум.)

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Гъалип Гъалипов: «ГIарцудалъун, рагIудалъун гьаб хъала базе кумек гьабураздаса Аллагь разилъаги»

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Дагъистаналъул бетIер Сергей Алимович Меликовасе, регионалъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасе, ДРялъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр Султан ХIажиевасе ва республикаялъул цогидал идарабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула Бакълъул район цебетIезе квербакъаралъухъ.

Гьединго баркала кьезе бокьун буго гIагараб ракь бокьиялъул рахъалъ унго-унгояб мисал гьоркьоса къотIичIого бихьизабулев МухIамад Загьидовасе, Бакълъул мухъ цебетIезабизе гьира бугев Мурад Базаргановасе ва цогидал сахаватал бакълъулазе. ГIарцудалъун, рагIудалъун гьаб хъала базе кумек гьабураздаса Аллагь разилъаги ва кидаго лъикI таги.

Хъала ва цогидал бакIал муниципалитеталда разе рес щвана федералияв ва регионалияв проектазда гьорлъ гIахьаллъиялъ. Программаби районалда нухдаинари – бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъи. Нахъеккунги гьединал проектал гIумруялде рахъинариялъул хIалтIаби гьаризе руго.

Нилъги кIодо гьарун, гьаб тадбиралде рачIарал гьалбадерие кьезе бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала. Гьарула нужее щулияб сахлъигун халатаб гIумру», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Баркиялъулаб кIалъай гьединго гьабуна Унсоколо районалъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас, Гъизилюрт шагьаралъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель Малик ПатахIовас, РФялъул Госдумаялъул депутат СултIан ХIамзаевасул кумекчи ГIалибег Сираждиновас ва цогидаз.

Хъала базе кумек гьабурал МухIамад Загьидовасе, Шамил Шихмирзаевасе, Рустам МухIамадовасе, Исрапил МухIамадовасе, Мансур Шигьабудиновасе, МухIидин МухIидиновасе, МухIамад ДибирхIажиевасе, ГIалихIажи Исламхановасе, ГIабдулхIамид Халидовасе баркалаялъул кагътал кьуна. Тадбиралда гIахьаллъарав Гъизилюрт шагьаралда МухIамаднаби Базаргановасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул нухмалъулев Мурад Базаргановасеги баркала загьир гьабуна Гъалип Гъалиповас.

Бакълъул районалъул нухмалъулев ва хIурматиял гьалбал гьединго щвана ЧIиркъатIа росулъ бугеб ГIалибег Тахо-Годил цIар кьураб Миллияб музеялдеги.

Хъала сверун мухъ берцинго къачIан букIана муниципалитеталъул маданияталъул хIалтIухъабазул, чIиркъдерил цIалдохъабазул, мугIалимазул ва цогидазул кумекалдалъун. Хъала рагьиялъул тадбир аваданаб ахIвал-хIалалда ана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Ингишо, ЛъаратIа, Гъадари, Данухъ росабазул жамагIатгун дандчIвана

## Социалиябгун экономикиял рахъал церетIеялъул бицана

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ къабул гьаруна Ингишо росдал жамагIат. Дандельиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, администрациялъул аппараталъул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас, муниципалитеталъул финансовияб управлениялъул хIалтIухъан НасайхIат Исубовалъ, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, ингищдерил бегавул МухIамад Халидовас ва цогидаз.**

Дандеруссиналда гIахьаллъараз бицана росдал социалиябгун экономикиял рахъал церетIеялъул, налогал гIужда кьеялъул, тIабигIияб газ бачиналъул ва гь. ц. ТIабигIияб газ рукъзабахъе бачине рес щвезе ккани, мина-карталъул ихтиярал чIезариялъул документал гьаризе ккеялъулги бицана.

Гьединго араб анкьалъ Гъалип Гъалипов дандчIвана ЛъаратIа росдал вакилзабигунги. Гьес баян гьабуна лъаратIисезул гIумрудул шартIал лъикIлъизелъун поселениялда нухдаинарурал проектазул.



Муниципалитеталъул бакIал раялъул, архитектураялъул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад АхIмаднабиевас тIаде жубана: «Дир Дагъистан – дир нухал», «БакIалъул байбихьи», «ГIаммаб лъайкьей цIигьаби» программабазда рекъон хIалтIаби гьаруна ЛъаратIа. Гьедин, къачIана росдал гьоркьохъеб школа, лъуна цIалул идараялда цIияб къайи, алатал. Гьелъие харж гьабуна 8,7 миллион гъурущ. ГИС ЖКХялда хIалтIи гьабиялъул иш лъикI гIуцIун буго».



Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевасул рагIабазда рекъон, лъималазул ах буго хIукуматалъул гуреб минаялда. «ЦIияб мина базе хIажат буго гьеб суал тIубазе мурадалда»,- ян абуна гьес. Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас дандельиялда рорхарал суалал тIуразе квербакъулел тIадкъаял кьуна.

Гьединго Гъалип Гъалиповас къабул гьаруна Гъадари, Данухъ росдал гIадамалги. Цоги росабазул жамагIатгун дандчIвазе график гIуцIун буго.

**Макка МухIамадова**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# ЧIиркъатIаса СалихIат Шигьабудинова – РФялъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан

## Шапакъатал цIикIкIаги

**Бакълъул районалъул ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул мугIалим СалихIат Шигьабудинова мустахIикълъана «Россиялъул Федерациялъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIаралъе.**



Шигьабудиновалъе шапакъат кьуна Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул лъайкьеялъул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель, РФялъул БахIарчиясул полициялъул лейтенант МухIамад НурбахIандовасул эмен НурбахIанд НурбахIандовас.

Тадбир тIобитIана МахIачхъалаялда, Гьудуллъиялъул рокъоб, мугIалимасул къоялъул хIурматалда. Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас СалихIат Шигьабудиновалда шапакъат щвей баркана, щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва сундулъго цебетIей гьарана.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ХIАРАКАТЧАГIИ

# Инус ХIажиевасда юбилей баркана

## РакIбацIцIадаб хIалтIухъ шапакъатги кьуна

**Бакълъул районалъул концертниябгун театралияб къокъаялъул нухмалъулев Инус ХIажиевасда 75 сон тIубай баркана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Юбилеялъул хIурматалда ва гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ баркалаялъул кагъатги кьуна администрациялъул рахъалдасан.**

«ХIурматияв Инус Юнусович! Дирго ва администрациялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула дуда гIумрудул 75 сон бай. ГIемерал соназ ракIбацIцIадго хIалтIана мун гIагараб район цебетIезе мурадалда.



Гьарула дуе ва дур хъизанагьлуялъе щулияб сахлъигун халатаб гIумру, рекIел мурадал тIурай ва сундулъго икъбал», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Самира Юсупова – республикаялъулаб тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ чемпион

**ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул физкультураялъул мугIалим Самира Юсупова республикаялъулаб тIадагьаб атлетикаялъул турниралда бергьана. Унтараб хIетIегун къецазулъ гIахьаллъулей йигониги, Самираца ядро тункиялъе ва диск рехиялъе тIоцебесеб, чIор рехиялъе кIиабилеб бакIал росана.**

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Самира Юсуповалда бергьенлъи боси ва призовиял бакIал кквей баркана, гьарана сундулъго цебетIей.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

РИТМ ГУМБЕТА

# Внеочередное заседание АТК прошло в Гумбетовском районе

**Под председательством главы Гумбетовского района, председателя АТК муниципалитета Галипа Галипова прошло внеочередное заседание антитеррористической комиссии.**

Принявшие участие во встрече члены АТК и другие рассмотрели вопрос реализации на территории района мероприятий по формированию у молодежи активной гражданской позиции, предупреждения межнациональных и межконфессиональных конфликтов, противодействия идеологии терроризма и перспективах использования потенциала социально ориентированных некоммерческих организаций в деятельности по профилактике терроризма. Специалист управления образования Абдула Магомедов отметил, что вся проводимая в образовательных учреждениях района работа строится на основании комплексного плана противодействия идеологии терроризма.

«Нынешний учебный год в школах Гумбета начался с уроков мира, где учащимся рассказали о нападении на Дагестан международных террористов и об их ликвидации, а также акцентировали внимание о целях проведения СВО», - отметил Магомедов. В рамках заседания также выступили врио начальника ОМВД РФ по Гумбету Магомед Гусейнов, руководитель комитета по спорту, туризму и делам молодежи района Салман Сурхаев, заместитель начальника управления культуры и библиотечного обслуживания Магомед Умардибиров и др. В завершение по поднятому вопросу были приняты соответствующие решения.



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Глава ЛНР Леонид Пасечник наградил Благодарственным письмом военного хирурга Мамаша Нуцалханова из села Мехельта

**Гумбетовцы вносят свой вклад в освобождение Новороссии и обустройство жизни в новых регионах России.**

Глава Луганской Народной Республики Леонид Пасечник наградил Благодарственным письмом военного хирурга Мамаша Нуцалханова из села Мехельта Гумбетовского района. В тексте письма отмечаются заслуги Нуцалханова перед ЛНР. «Нуцалханов Мамаш Алиасхабович, в период с 10.03.2023 по 20.08.2023 года Вы принимали участие в специальной военной операции. Проявляя самоотверженность и отвагу, Вы прошли тяжёлый боевой путь, опалённый сражениями, пропитанный кровью и потом. Руководство Луганской Народной Республики благодарит Вас, как настоящего воина России, за образцовое выполнение боевых задач, безупречное служение своему Отечеству», – сказано в Благодарственном письме Главы ЛНР Леонида Пасечника.



В качестве военного хирурга Мамаш Нуцалханов спас десятки жизней. Сейчас он работает хирургом в Центральной районной больнице Гумбетовского района. Вспоминая службу в зоне СВО, Нуцалханов отметил, что нередко приходилось оперировать раненых в сложных условиях. «Условия были и отличные, и спартанские. Оперировали, как и современными методами, так и канцелярскими ножами. Все зависело от того, в какой точке окажемся и что будет под рукой. Чаще это были наши рядовые бойцы СВО, наши парни из Министерства обороны России, а также – мирные жители. Оперировал и полковника, десантника», – поделился Нуцалханов. Хирург из Гумбета награждён медалью «За заслуги перед Луганской Народной Республикой» 1-й степени, а также медалями «За взятие Бахмута», «Бахмутская мясорубка», «За успешное выполнение поставленных задач» и т.д. Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Мамаша Нуцалханова с наградами, пожелал успехов в работе и всех благ.

# В России предложили сохранить поддержку малых форм хозяйствования

Первый вице-спикер СФ, врио секретаря генсовета Единой России Владимир Якушев направил предложение Минсельхозу по поводу сохранения поддержки малых форм хозяйствования и сектора АПК в регионах с низкой бюджетной обеспеченностью.

«Все меры поддержки, которые касаются малых форм хозяйствования, нужно максимально сохранить. С 2012 года действует субсидия на погектарную поддержку экономических субъектов, включенных в единый реестр субъектов малого и среднего предпринимательства. Минсельхозом подготовлено постановление о поддержке средних и малых предприятий Сибирского и Дальневосточных федеральных округов.

СТРАНА ГОР

# Сюжет об освободителе Угледара лейтенанте Ризване Гасандибирове из села Цунди-Шабдух показал телеканал RT на арабском языке

**Участник СВО, командир танковой роты лейтенант, освободитель Угледара Ризван Гасандибиров с позывным Берсерк из села Цунди-Шабдух Гумбетовского района стал знаменитостью.**

Сюжеты о его подвигах показали и показывают российские и международные телеканалы. Российская международная информационная телевизионная компания – RT (Russia Today) транслировала сюжет с участием Ризвана Гасандибирова на весь арабский мир. Боец из Гумбета представлен к ордену Мужества за освобождение Угледара. Сейчас он сражается против неофашизма на Курском направлении. Пожелаем нашим защитникам Отечества только побед и всего самого наилучшего! Да хранит вас Всевышний!

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# В Гумбете проверили личные дела призывников

**В Гумбетовском районе, как и по всей стране, началась осенняя призывная кампания.**

В Центральной районной больнице Гумбета призывники пройдут медосмотр, а в офисе отдела военного комиссариата РД Казбековского и Гумбетовского районов, расположенном в селе Мехельта, члены призывной комиссии проверили их личные дела.

В состав комиссии вошли глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов, военный комиссар Гумбетовского и Казбековского районов Арсен Магомедов, замглавы администрации Алихан Давудгаджиев, заместитель главврача ЦРБ Магомедхабиб Абакаров, заместитель начальника ОМВД РФ по Гумбету по работе с личным составом подполковник Абулгасан Джабиров и др. По итогам работы призывной комиссии будут приняты соответствующие решения. Отметим, что осенняя призывная кампания стартовала 1 октября и продлится до 31 декабря 2024 года. #Россия #Дагестан #Гумбетовскийрайон #Гумбетовцы #ГалипГалипов #Осенняяпризывнаякампания #Гумбетовскиепризывники #Гумбетпатриотический #СтранаСолнца #Странагор

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# ОМВД России по Гумбетовскому району информирует

В период с 01 февраля по 31 декабря 2024 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ. Согласно изменениям №361 от 29 декабря 2021 г., внесённым в постановление Правительства Республики Дагестан №184 от 24 апреля 2014 г. плата за выкуп, установленная ранее, увеличена.

Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ, и цены.

1.Пистолет (в том числе автоматический пистолет Стечкина), револьвер 55000
2.Автомат 80000
3.Пулемет Калашникова и его модификации 85000
4.Ручной пулемет 75000
5.Пистолет-пулемет 50000
6.Автоматический гранатомет станковый 25000
7.Подствольный гранатомет 20000
8.Ручной противотанковый гранатомет 20000
9.Одноразовый гранатомет 15000
10.Малогабаритный реактивный огнемет 25000
11.Снайперская винтовка 60000
12.Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом 15000
13.Охотничье гладкоствольное ружье 3000
14.Газовые пистолеты и револьверы 2000
15.Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства10000
16.Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства 1000
17.Травматические пистолеты и револьверы 3000
18.Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами 20000
19.Взрывчатое вещество (тротил, пластид, аммонит, аммонал и другие промышленного изготовления) за 1 грамм 8
20. Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) 3000
21.Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу 300
22.Штатный боеприпас (выстрелы, снаряды к артиллерийскому вооружению) 3000
23.Выстрел к РПГ 3000
24. Выстрел к подствольным и станковым гранатометам 2000
25.Ручная граната 2500
26.Мина 2000
27.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12.7 калибра 15
28.Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12.7 калибра и более 150
29. Запалы к гранатам 1000.

Отметим, что граждане, добровольно сдавшие незаконно хранящееся у них оружие, освобождаются от уголовной ответственности, предусмотренной за его хранение.

Также, напоминаем, что в соответствии с действующим законодательством за незаконное приобретение, передачу, сбыт, хранение, перевозку или ношение оружия, его основных частей и боеприпасов, предусмотрена уголовная ответственность вплоть до ограничения свободы сроком до 4-х лет и штрафа в размере до 80 тысяч рублей.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, бое-припасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неис-правном состоянии либо непригодном для использования по основному на¬значению.

Граждане, желающие добровольно сдать огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые вещества, могут обратиться в любое время круглосуточно в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 – 999 – 418 – 85 – 10.

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району майору внутренней службы М.З. Гусейнов**

СТРАНА ГОР

## Депутат Городского совета Мелитополя Антон Лукоянов поблагодарил дагестанцев за помощь

**Депутат Городского совета г. Мелитополя Запорожской области Антон Лукоянов поблагодарил дагестанцев за помощь.**

«Хочу искренне поблагодарить главу Гумбетовского района Галипа Исагаджиевича Галипова, Министерство образования и науки РД за то, что у вас появилась возможность направить специалистов в Мелитополь для восстановления системы образования нашего города. У нас работают высококвалифицированные специалисты из Дагестана. Поздравляю всех учителей с Днём учителя! Спасибо Вам за Ваш труд! Педагоги вносят огромный вклад в воспитание нашего будущего поколения. Все вместе мы победим!» – сказал Антон Лукоянов. Напомним, что в СОШ № 5 имени Пионера-Героя Великой Отечественной войны Володи Дубинина города Мелитополя Запорожской области работает учительница русского языка и литературы Аргванинской школы Гумбетовского района Заира Пахрудинова. Она удостоена звания «Заслуженный учитель Республики Дагестан»,



нагрудного знака «Отличник образования Республики Дагестан» и других наград. Федеральные каналы показали сюжеты с участием Пахрудиновой в рамкам съемок, организованных медиагруппой «Гумбет».

https://t.me/rentv_news/69365 #Россия #Победилифашизмпобедиминеофашизм #Нашимгероям #Гумбетовскийрайон #СтранаСолнца #МойДагестан #ГумбетовцынаСВО #Галипов #Дагестан #Мывместе #АнтонЛукоянов #ЗаираПахрудинова #Странагор #Гумбет #Мелитополь #Запорожскаяобласть #Героиснами #Гумбетпатриотический

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## В селе Тлярата Гумбетовского района забетонировали дорогу площадью 1100 кв. м.

**В селе Тлярата Гумбетовского района благоустроили улицу в рамках программы «Мой Дагестан – мои дороги» и на средства дорожного**



**фонда администрации муниципалитета.**

Как рассказал глава АСП «Село Тлярата» Анвар Залумханов, на средства, полученные в рамках указанной программы, забетонировали дорогу площадью 800 кв. м., на средства дорожного фонда – 300 кв. м. Отметим, что в Гумбетовском районе в рамках программы «Мой Дагестан – мои дороги» отремонтированы улицы и автодороги и в других селах, что позволило повысить безопасность на дорогах, облегчить условия передвижения как для пешеходов, так и для автомобилей.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Многодетная семья из села Чирката получила Благодарственное письмо Правительства Дагестана

**Многодетная семья из села Чирката Гумбетовского района получила Благодарственное письмо Правительства Дагестана в ходе праздника «Семья Дагестана», прошедшего в селе Цада Хунзахского района с участием делегаций 19 горных районов.**



Председатель Правительства РД Абдулмуслим Абдулмуслимов вручил родителям шестерых детей Сайпулакади Магомедову и Патимат Черкесовой из Гумбета Благодарственное письмо и другие подарки. Об этом сообщил директор Центра социального обслуживания населения в МО «Гумбетовский район» Абакар Магомедов. Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил семью из Гумбета с наградой, пожелал крепкого здоровья, всех благ. В мероприятии также приняли участие директор управления социальной защиты населения в Гумбетовском районе РД Магомедрасул Эсенбулатов, руководитель Центра занятости населения в МО «Гумбетовский район» Муслим Абдурахманов, представители администрации района и другие.

**РИО «Гумбет»**

## В Гумбетовском районе обустроили читальный зал для людей с особенностями здоровья

**Управление культуры и библиотечного обслуживания Гумбетовского района в целях обеспечения для инвалидов необходимых условий для посещения библиотеки оборудовало специальное помещение – читальный зал, где представлены книги, журналы и другие подписные издания.**

Так, в данном зале для слепых и слабовидящих людей имеются наборы говорящих книг, книги с рельефно-точечным шрифтом Брайля и другая литература.

Помимо этого, установлены санузел, кнопка вызова сотрудника библиотеки, пандусы для инвалидов, использующих коляски. Также глава района Галип Галипов проведёт в читальном зале приём граждан указанной категории.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Своевременно оплачивать за газ – обязанность каждого потребителя

**«Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает об оплате за газ до 10 числа.**

Потребителям, имеющим




задолженность за газ, необходимо срочно погасить её! Заплатить за газ без комиссии и без очередей можно дистанционно через «Личный кабинет» на сайте www.mkala-mrg.ru или скачав мобильное приложение «Газ ОНЛАЙН» или «Мой ГАЗ» на смартфон.

Оплачивайте за своих пожилых родственников, чтоб они не посещали кассы и не стояли в очередях; оплачивайте дистанционно за газ в домах в сёлах; оплачивайте своевременно за квартиры, дома и помещения, которые сдаются в найм, в аренду.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.